

ATANSYON

Avi sou Chache Timoun

Somerville Public Schools gen responsabilite idantifye nenpòt timoun ki ka gen yon andikap kap viv nan Somerville osinon ki frekante yon lekòl prive nan frontyè jeografik Somerville menm si timoun nan pa abite Somerville. Sa konsènen tou tout elèv paran yo fè lekòl pou yo lakay yo.

Se responsabilite Somerville Public Schools tou pou l evalye tout elèv sa yo pou l ka detèmine si yo bezwen resevwa edikasyon espesyal oswa sèvis edikasyon espesyal yo dapre lwa federal ki rele IDEA ann anglè (IDEA vle di Lwa Edikasyon pou Moun Andikape Yo) oswa Lwa Leta Massachusetts sa: 603 CMR 28 (Regilasyon Edikasyon Espesyal nan Massachusetts).

Somerville Public Schools pran angajman idantifye tout timoun anvan yo gen 3 zan pou l ka ba yo sèvis espesyal timoun andikape ki gen 3 ak 4 lane bezwen. Si w gen kesyon oswa enkyetid konsènan devlopman pitit ou a e ou ta renmen yo egzamine l, tanpri rele Marisa MacDonald, Direktè Adjwen Edikasyon Espesyal nan (617) 625-6600 ext. 6815 pou w pran yon randevou.

Si ou sispèk pitit ou a ka bezwen yon evalyasyon pou detèmine si li ranpli kondisyon pou li resevwa sèvis edikasyon espesyal yo, ou ka fè yon demand nan sans sa, san w pa peye senk kòb, atravè Biwo Edikasyon Espesyal Somerville Public Schools la. Tanpri kontakte nou nan adrès annapre a:

Marisa MacDonald, Assistant Special Education Director
Somerville Public Schools, Attn: Special Education Department
167 Holland Street Suite 310
Somerville, MA 02145
(617) 625-6600 ext. 6800
Email: mmacdonald2@k12.somerville.ma.us

SPECIAL EDUCATION DEPARTMENT